

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON LWA NAN NEW YORK K AP ANTRE ANVIGÈ APATI 13 NOVANM KI OGMANTE LAJ POU VANN MOUN TABAK AK SIGARÈT ELEKTWONIK DE 18 A 21 LANE**

**Gouvènè Cuomo [te siyen lejislasyon](#) ki ogmante laj moun pou vann tabak ak sigarèt elektwonik la an Jiyè**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lwa New York pou ogmante laj minimòm pou vann tabak ak pwodwi sigarèt elektwonik ap antre anvigè apati 13 Novanm 2019. Lwa a ogmante laj legal la pou achte pwodwi sa yo soti nan 18 pou 21 lane. Li baze sou efò konplè Gouvènè a nan konbat menas sante ki soti nan tabak ak pwodwi e-sigarèt.

"Objektif lwa sa a senp - anpeche sigarèt ak pwodwi vapè sa tonbe nan men jèn nou yo, sa ki ap fè yo depann de yon abitud ki ka touye yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap pran mezi ki fò pou asire nou ke plizyè deseni pwogrè nou te fè pou konbat depandans tabak pa defèt akoz yon gwo ogmantasyon itilizasyon sigarèt elektwonik lakay jèn Nouyòkè yo."

Daprè done Depatman Sante a (Department of Health) yo, prèske 40 pousan elèv 12yèm ane ak 27 pousan elèv lekòl segondè nan Eta New York kounye a ap itilize sigarèt elektwonik, epi likid elektwonik awomatize yo k ap plis ankouraje ogmantasyon sa a. Itilizasyon yo nan lekòl segondè an 2018 (27.4%) 160 pousan pi plis pase jan li te ye an 2014 (10.5%). Byenke to fimen pou elèv lekòl segondè New York yo bese soti nan 27.1% an 2000 pou vin yon nivo rekò 4.3% an 2016, maketin agresif k ap fè pwomosyon sigarèt elektwonik ki awomatize yo pral chanje tandans sa a. Awomatizasyon se yon estrateji maketin kle ki sible jèn yo, ke endistri sigarèt elektwonik/ayewosol la itilize menm jan yo fè l nan mache sigarèt, siga, ak tabak san lafimen yo. Maketin sigarèt elektwonik yo mete aksan sou gou tankou chokola mant, chiklèt ak kola seriz, epi yo kreye yon fo kwayans ke yo pa poze danje pou itilizatè yo. Etid yo montre prèske 78% elèv lekòl segondè, ak 75% elèv lekòl primè rapòte ke yo te ekspoze a maketin an favè tabak an 2016.

Pou konbat detayan yo ki ap vann pwodwi tabak ak vapotaj bay jèn ki minè yo, Lapolis Eta a ap asosye ak Depatman Sante la pou reyalize ankèt an kachèt nan tout Eta a anba Lwa sou Prevansyon Itilizasyon Tabak lakay Adolèsan (Adolescent Tobacco Use Prevention Act) ki rekrite jèn minè pou tante achte pwodwi tabak ak sigarèt elektwonik. Pou rive 1ye Novanm, plis pase 1,700 enspeksyon te fèt apati mwa jiyè andeyò Vil New York ki konsantre sou jèn ki gen 18 lane oswa mwens. Detayan yo jwenn ki ap vann pwodwi tabak ak vapotaj bay moun ki minè to pral fè fas ak pèn kriminel anplis de pèn sivil yo.

Poutèt tabak kontinye ap pèsiste pami jèn yo ak granmoun yo, Eta New York kontinye ap anpeche jèn granmoun yo kòmanse fimen. Dapre Direktè Sèvis Sante Piblik la, 88% granmoun ki fimen yo te kòmanse konsome tabak anvan laj 18 an epi 90% moun k ap achte sigarèt pou minè yo gen laj ant 18 ak 20 tan. Lè li ogmante laj legal pou achte a rive a 21 nan, lejislasyon sa a pral ede anpeche timoun ki poko gen laj yo jwenn pwodui tabak nan men zanmi yo, redui pwobabilite pou jèn granmoun yo janm kòmanse fimen epi vin gen akoutimans, epi konsa fini pa sove plizyè milye lavi.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)